



Manm Komisyon Lekòl PPSD la Toni Akin, left, RIDE Komisyonè Adjwen Dr. Kelvin Roldán, Prezidan Sendika Pwofesè Providence yo Maribeth Calabro, ak Sipè-entandan Javier Montañez kanpe pou yon foto avèk retirete PPSD a Susan Chin pandan Evènman Apresiyasyon Pwofesè a pou retirete PPSD yo. Pi ba a, Sipè-entandan Montañez ak Earnest Cox, yon administratè retirete nan PPSD.

KWEN SIPÈ-ENTANDAN AN

10 NOVANM 2023

Pase Bon Mwa Novanm! Pandan lè a ap chanje inèdtan retou pandan semèn sa a, nou antre nan de dènye mwa nan ane 2023 a. Mwa Novanm nan se yon mwa ki bèl anpil, paske se **Mwa RI STEAM a!** Distri Lekòl Piblik Providence lan (PPSD) pral selebre opòtinite ke lekòl yo ofri elèv yo nan STEAM (syans, teknoloji, enjenyeri, art ak matematik) epitou souliney epòtans aprantisaj STEAM nan. Nou enpasyon pou pataje aktivite STEAM lekòl nou yo ak evènman yo sou rezo sosyal yo! Swiv epi tag piblikasyon ki lye ak #RISTEAMMonth nan sou rezo sosyal yo pou patisipe nan STEAM ki amizan an pandan tout mwa a.

Make kalandriye ou yo pou **Jedi 16 Novanm nan** lè fanmi yo pral genyen opòtinite pou aprann plis sou lekòl primè, lekòl segondè ak lekòl twazyèm sik yo pandan **Fwa Chwa Lekòl anyèl nou an nan Akademik Karyè ak Teknik Providence lan** apati **5:00 p.m. rive 7:00 p.m.!** Sa pral yon opòtinite tou pou elèv yo aprann epi angaje nan travay rekonsèpsyon nan lekòl segondè Providence yo ak yon lekòl twazyèm sik. Tanpri rejwenn nou pou aprann sou opòtinite jadendafan yo ak opòtinite lekòl segondè ak lekòl twazyèm sik yo.

Providence Schools
SCHOOL CHOICE FAIR
FERIA DE SELECCIÓN ESCOLAR

FREE FOOD! ENTERTAINMENT! INFORMATION!

¡COMIDA GRATIS! ¡ENTRETENIMIENTO! ¡INFORMACIÓN!

Thursday, November 16, 2023
Jueves, 16 de Noviembre 2023
5:00 PM - 7:00 PM
Providence Career and Technical Academy (PCTA)
41 Fricker Street, Providence, RI 02903
(Entrada near the auditorium on Cansan Street)

For questions call the Family and Community Engagement Office (FACE) 401-456-0686 or email face@ppsd.org
Para preguntas llame a la Oficina de Participación Familiar y Comunitaria (FACE) 401-456-0686 o correo electrónico face@ppsd.org



DR. JAVIER MONTAÑEZ
SIPÈ-ENTANDAN

Semèn pase, mwen te akonpanye pa Komisyonè Adjwen RIDE la ki se **Dr. Kelvin Roldán, Prezidan Sendika Pwofesè yo ki se Maribeth Calabro, ak Manm Komisyon Lekòl la ki se Toni Akin** pou onore dènye retirete PPSD nou yo nan bèl Sant Botanik Roger Williams la pou lane sèvis li yo, devouman, ak angajman li Distri a. Retrete ekstrawòdinè nou yo pral toujou fè pati kominote PPSD a. Angajman yo pou elèv nou yo ak fanmi yo pandan tout ane sa yo te ekstrawòdinè. Felisitasyon pou tout retirete PPSD nou yo, epi mèsi pou tout sa nou te fè pou Distri a!

Ane lekòl la ap vole ale, sa vle di mwen ankouraje nou tout pou kontinye travay anpil pou vini lekòl ak pou aprann chak jou. Pwogre ak reyisit!



MIZAJOU DISTRI YO

SELEBRASYON RETRETE PPSD

Semèn pase, Sipè-entandan Montañez te akonpanye pa Komisyone Depatman Edikasyon Rhole Island nan ki se Dr. Kelvin Roldán, Prezidan Sendika Pwofesè yo ki se Maribeth Calabro, ak Manm Komisyon Lekòl la ki se Toni Akin pou onore 83 retirete PPSD yo Sant Botanik Roger Williams Park la. Mèsi ak tout retirete nou yo pou sèvis nou, devouman, ak angajman nou pou elèv Providence yo. Pwofite de retrèt nou an!

FWA SOU CHWA NAN LEKÒL

Fwa sou Chwa nan Lekòl la ap fèt nan **Jedi 16 Novanm** nan apati **5:00 p.m. rive 7:00 p.m.** nan PCTA ki sitiye nan 41 Fricker Street. Vin aprann sou si bèl lekòl nou yo ak sa yo genyen pou ofri, ki gen ladan senk lekòl renove nou yo! Y ap bay manje gratis ak divètisman. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou nenpòt kesyon, tanpri rele Biwo Angajman Kominotè ak Angajman Familyal (FACE) nan 401-456-0686 oswa voye yon imel bay yo nan face@ppsd.org.

MWA ERITAJ NATIF NATAL AMERIKEN

Mwa Novanm se Mwa Eritaj Natif Natal Nasyonal Ameriken an.

Mwa sa a, PPSD onore kilti divèsifye Natif Natal Ameriken yo ak kontribisyon sosyal ki fèt epi k ap kontinye fèt nan sosyete nou an. Nou onore epi selebre lang, konesans, istwa, ak istwa kominote sa

yo.

SWARE FSA-ID

Atansyon senyò ak fanmi yo! Rejwenn nou pou **Sware FSA-ID** a nan jou **Madi 14 Novanm** nan apati **5:00 p.m. rive 8:00 p.m.** nan CCRI Liston Campus, 1 Hilton Street, Providence! PPSD fyè pou fè patenarya avèk Sant Planifikasyon Fakiltè a, Onward We Learn, ak CCRI pou ede prepare evènman sa a pou senyò PPSD yo ak pou fanmi yo. Yo pral kreye idantifikasyon koneksyon FSA-ID yo ak siyati ofisyèl pou FAFSA - pou fasilite akonplisman fòmilè FAFSA a yon fwa li louvri nan ivè sa a.



Elèv yo patisipe nan seri Konferans Lidèchip sou Ekite Elèv RESPECT a ki te rasanble elèv yo nan lekòl twazyèm sik ak lekòl segondè PPSD yo. (Foto pa Aiyah Josiah-Faeduwor)

EKITE AK APATENANS

RESSOUS POU KONVÈSASYON DIFISIL YO

Pou ede pakouri konvèsasyon difisil yo sou twomatis ak evènman modyal yo, nou te rasanble kèk resous ki itil pou paran, fanmi, ak edikaté yo. Tanpri klike [isit la](#) pou jwenn lis konplè resous yo.

NOUVO OPÒTINITE APRANTISAJ PWOFEYONÈL POU MANM PÈSONÈL PPSD YO

Leson, Aktivite ak Resous pou Black Lives Matter nan School Year of Purpose - Pati 1

Biwo pou Ekite ak Apatenans lan fyè pou soutni Ansèyman pou gwoup etid pwofesè Black Lives la (BLM), yon inisyativ ki dirije pa pwofesè PPSD yo. Gwoup etid la pral òganize yon sesyon Devlopman Pwofesyonèl sou Zoon (PD) pou kolèg edikaté, konseye, ak administratè yo nan jou **Mèkredi, 15 Novanm soti 5:00 p.m. - 6:30 p.m.** pou aprann sou Black Lives Matter nan School Year of Purpose. Sesyon an pral revize prensip gid BLM 13 yo epi bay opòtinite pou eksplòre resous yo epi planifye fason pou entegre Black Lives Matter nan leson Lekòl yo, nan aktivite, ak materyèl yo nan pratik nou yo. PD sa a pral fèt pa nivo pou kapab aksesib pou tout divizyon nivo klas yo ak nan tout matyè yo. Sa se yon opòtinite aprantisaj pwofesyonèl peye (se distri a ki negosye tarif la). Pèsonèl PPSD yo ka [enskri sou Frontline](#).

Politik sou Ekite Seksyèl

Biwo Ekite ak Apatenans lan pral òganize **dènye fòmasyon sou Politik sou Ekite Seksyèl li a** nan dat 11/9 pa mwayen Zoom apati 4:00 p.m. - 4:45 p.m. Fòmasyon sa a pral revize politik ki swiv yo: Tit IX, Opòtinite Egalego/Aksyon Afimatif, Politik Non-Diskriminasyon pou elèv Transjan ak Elèv Oryantasyon Seksyèl Elaji yo, ak yon Politik sou Tranzisyon pou Idantite Seksyèl nan Espas Travay. Pandan fòmasyon sa a patisipan yo pral aprann epi

angaje nan konprann dwa yo genyen ak dwa elèv yo pou asire ke yo respekte epi konprann politik nou yo. Louvri pou anplwaye PPSD yo (pwofesè, manm pèsonèl sipò, pèsonèl distri a, elatriye). [Tanpri enskri sou Frontline](#).

Konsèy Konsiltatif sou Ekite

Konsèy Konsiltatif sou Ekite PPSD a rankontre chak mwa pou konseye pèsonèl Distri a, bay kontribisyon, epi ede priyorize efò toud distri a ap fè sou ekite, politik, estrateji ak envestisman. Ki gen ladan elèv, pwofesè, paran ak patnè kominotè yo, Komisyon an kolabore avèk anpil refleksyon pou soulve vwa kominote divèsifye nou yo. Kounye a, travay nou konsantre sou devlope yon Zouti Lantiy Ekite. Pwochen reyinyon nou an ap fèt 7 Desanm nan a 4:30pm. Si w enterese patisipe nan travay sa a epu fè yon angajman masyèl, tanpri voye yon imèl bay equity@ppsd.org.



(Foto pa Aiyah Josiah-Faeduwor)



PWEN ESANSYÈL LEKÒL LA

DELSESTO MIDDLE SCHOOL



Direktè: Suzanne Madden

Direktè Adjwen: Allison Gruskin, Fiona McIntosh ak Kyisha Threats

Èske genyen nenpòt nouvo bagay ekstrawòdinè ki te devwale pandan ane sa a?

Ane sa a, DelSesto Middle School ap panse eleman nan nouvo modèl rekonsepsyon li a, ki gen ladan nouvo kou fakiltatif tankou bann, Bootstrap Algebra, SeaPerch, ak Automation ak Robotics. DelSesto pral kreye yon espas aprantisaj eksterye atravè Pwojè Learning Inside Out ki finanse atravè RIDE. Pwofesè Medya Nimerik yo ap kolabore avèk yon pwofès alekri kreyatif pou kreye pòdkas chak semèn ki montre elèv ak pwofesè nou yo. Epitou nou genyen yon klas mizik nimerik kote timoun yo kreye pwòp chan yo.

Ki vizyon oswa objektif ou pou gwoup elèv nou an pou ane lekòl 2023-24 la nan moman sa a?

Misyon DelSesto Middle School la se pou entregre Syans, Teknoloji, Enjenyeri, Art, ak Matemaik nan aktivite eskolè yo pou enspire elèv yo pou vin pansè kritik ki kapab itilize konpetans 21yèm syèk yo pou konstwi solisyon monn reyèl epi rezoud difikilte kominotè ki lye yo.

Misyon DelSesto Middle School la se pou pèmèt elèv yo vin lidè global pandan y ap kiltive yon kominote ki ankouraje ekite, apatenans, ak atant difisil ki pral prepare yo pou lekòl segondè, fakilte, ak karyè chwaz yo.

Nou espere ke elèv nou yo pral grandi pou kapab vin pansè kritik, avèk konpetans 21yèm syèk yo ki pèmèt yo pouswiv lekòl segondè ak fakilte oswa karyè yo chwazi a.

Ki objektif ou pou pèsonèl la nan ane lekòl 2023-24 la?

Nou evize pou bay eksperyans aprantisaj de kalite selon nòm nivo klas yo, pou devlope relasyon ki solid avèk elèv yo a epi ak youn lòt, epi travay pou kreye ekilib ant travay ak lavi ki pral rann plis enèjetik epi pwodiktif. Nou vle pèsonèl nou an santi yo resewva sipò administrasyon batiman an ak biwo Distri yo. Pa egzanp, fòmatede matematik nou an ap travay avèk pwofesè li yo ak Michelle Johnson nan departman Elèv Miltileng yo (MLL) pou soutni elèv ki gen pwogram matematik, epi bay pwofesè yo estrateji ki pral asire konpreyansyon kontni an.

Èske lekòl ou a gen yon maskòt oswa gen koulè lekòl la?

Maskòt lekòl nou an sw Jaguars, epi koulè lekòl nou yo se ble ak lò.



SELEBRASYON ELÈV YO

Elèv ki travay di, ki gen talan nou yo ap fè bèl bagay chak jou. Men kèk egzanp.



MIDDLE SCHOOL CROSS COUNTRY CHAMPS

Gwo kout chapo pou Ekip Nathanael Greene Middle School Boys Cross Country la ak Ekip Nathan Bishop Middle School Girls Cross Country paske yo vini nan premye plas nan Chapyona Vil Middle School City la nan Roger Williams Park nan Vandredi pase sa a! Felisitasyon ak tout elèv twazyèm sik nou yo ki te patisipe nan kous la!



VARTAN GREGORIAN NAN STATE HOUSE



Lidè Majorite Chanmnan Chanm Reprezantan Rhode Island nan Christopher R. Blazejewski te fè yon klas katriyèm ane apati Vartan Gregorian Elementary School semèn sa a nan syèj eta a. Yo te dirije elèv yo atravè yon simulasyon sesyon lejislatif. Yo te diskite epi te fè deba sou plizyè pwoblèm, epi elèv yo te resevwa yon tou nan Syèj Eta a.



SENYÒ KLASIK LA FINI NAN TÒP 10 LA



Se te yon gwo wikenn pou tout peyi a! Felisitasyon senyò Classical High School a Grace Doyle paske li fini nan premye 10 kourè yo nan Chanpyona RIIL State Cross Country yo nan Samdi 4 Novanm! Yon gwo remèsiman pou tout Ekip Classical Girls and Boys Cross Country la pou efò yo nan kous la! Go Purple!



MANM LIDÈCHIP ELÈV VEAZIE STREET YO

Felisikasyon ak elèv Veazie Street Elementary School yo ki te nome manm nan Ekip Lidèchip Elèv Veazie Street la! Yo pran angajman pou kapab vin lidè ak modèl wòl pou elèv ki plis jèn yo nan koulwa ak saldeklas yo nan Veazie Street. Felisitasyon ak tout moun!

NAN DISTRI A



EVÈNMAN REKONSEPSYON

Mèsi ak tout moun ki te vini nan evènman Enfòmasyon Rekonsèpsyon nou yo nan **Mount Pleasant High School, JSEC, Hope High School, Dr. Jorge Alvarez High School, ak DelSesto Middle School!** Nou kontan anpil sou pwogram akademik ki pral entegre nan senk lekòl sa yo pou ane eskolè 2024-2025 la. Pou aprann plis sou efò Rekonsèpsyon Lekòl la, tanpri vizite <https://www.providenceschools.org/redesign>.

SEMÈN NASYONAL POU SIKOLOJI ESKOLÈ

6-10 Novanm **Semèn Sikològ Eskolè Nasyonal la**, epi nou vle bay yon gwo kout chapo pou sikològ eskolè ekstrawòdinè nou yo isit la nan PPSD! Mèsi pou tout sa nou fè pou elèv nou yo, manm pèsònèl, ak fanmi yo nan Distri nou an. Sipò sosyo-emasyonèl ki bay moun sa yo ki bezwen la pou l pa pase inapèsi, epi nou rekonesan pou fè vin yon pati nan fanmi PPSD nou an! Bòn Semèn Nasyonal pou Sikoloji Eskolè! Gade yon videyo Sipè-entandan Montañez isit la.



EVÈNMAN REKONSEPSYON

Anpil nan lekòl nou yo te antre nan lespri Halloween nan semèn pase nan dat 31 Oktòb la! Al gade kèk nan kostim kreyatif ke elèv ak pwofesè nou yo te mete nan **Frank D. Spaziano Elementary, Mary Fogarty Elementary, Vartan Gregorian Elementary**, ak plis toujou!



MAKE KALANDRIYE W YO!

○ **FÈT VETERAN (Pa Gen Lekòl)**
Lendi 13 Novanm 2023

○ **SWARE FSA-ID (pou elèv 12yèm ane yo)**
Madi 14 Novanm 2023
5:00 p.m. - 8:00 p.m.
CCRI Liston Campus
1 Hilton Street, Providence, RI

○ **FWA SOU CHWA NAN LEKÒL**
Jedi 16 Novanm 2023
5:00 p.m. - 7:30 p.m.
PCTA
41 Fricker Street, Providence, RI

○ **POZ THANKSGIVING (Pa Gen Lekòl)**
Mèkredi 22 Novanm 2023 -
Vandredi 24 Novanm 2023



BIWO ANGAJMAN
FAMILYAL AK KOMINOTÈ
(F.A.C.E.)

✉ SESYON OTÒN 2023



Lyen pou
Zoom

<https://us02web.zoom.us/j/8272688>

Novanm

Madi 11/7 6:00 p.m. - 7:30 p.m.	MLL : Timoun Mwen an se yon Elèv Miltileng. Kijan mwen ka soutni l lakay la? <i>Tout klas yo</i> Fanmi Elèv Miltileng yo (MLL) pral genyen opòtinite pou aprann plis sou pwogram MLL yo, Dwa Elèv ak Fanmi yo, ak plis.
Jedi 11/9 6:00 p.m. - 7:30 p.m.	Fanmi ki An Sante – Planifikasyon Repa sou yon Bidjè <i>Tout klas yo</i> Aprann plis sou MyPlate ak fason nou ka itilize gwoup 5 manje nou yo kòm yon gid pou chwazi opsyon ki bon pou sante yo sou yon bidjè limite.
Madi 11/14 6:00 p.m. - 7:30 p.m.	Aprann sou divès opòtinite pou Angajman Paran ak Angajman Kominotè <i>Tout klas yo</i> Aprann sou divès opòtinite distri a genyen disponib pou angaje fanmi yo; SOTI nan soutni aprantisaj elèv ak ranfòsman kompetans fanmi yo JISKA kontribisyon vwa paran nan priz desizyon lekòl la oswa distri a. Aprann de aktyèl paran ki aktif ak paran ki enplike yo.
Madi 11/28 6:00 p.m. - 7:30 p.m.	Pwogram Community Asthma nan Hasbro Children's Hospital <i>Tout klas yo</i> Aprann sou divès pwogram ak avantaj ki itil ou ka konsidere pou fanmi w.
Jedi 11/30 6:00 p.m. - 7:30 p.m.	Konpetans Sosyal/emosyonèl: Blòk Konstriksyon pou Aprantisaj Optimal ak Sante & Byennèt <i>Tout klas yo</i> Vin okouran de 5 konpetans ak kapasite sosyo-emosyonèl yo. Aprann rekonèt konpetans sa yo ak fason yo fè enpak sou sante w ak byennèt ou atravè etap lavi yo.

Desanm


Madi 12/5 6:00 p.m. - 7:30 p.m.	Planifikasyon Apre Lekòl Segondè ak Sansibilizasyon pou Asistans Finansye Apre Lekòl Segondè <i>Lekòl Twazyèm Sik ak Lekòl Segondè</i> Sesyon sa a pral bay yon apèsi sou opsyon apre lekòl segondè ak opòtinite pou asistans finansye yo.
Mèkredi 12/6 6:00 p.m. - 7:30 p.m.	Pwomès Providence lan -YonPwogram Bousdetid Bonè pou fakilte ak karyè <i>Tout klas yo</i> Aprann sou yon lòt opòtinite asistans finansye pou fakilte ak karyè.
Jedi 12/7 6:00 p.m. - 7:30 p.m.	Reyaji kont vyolans sou sòti amourez avèk adolesan <i>Tout klas yo</i> Patisipan yo pral aprann konpetans pou idantifye ak pou reyaji kont vyolans sou sòti amourez avèk adolesan.
Jedi 12/14 6:00 p.m. - 7:30 p.m.	Kontinye Edikasyon ak Plasman Pwofesyonèl nan CCRI <i>Tout klas yo</i> Èske w ap chèche yon travay? Ou enterese nan chanje karyè oswa pou aprann yon nouvo konpetans? Patisipe nan sesyon sa a pou tande plis sou opòtinite pou patisipe nan fòmasyon gratis oswa pou retounen nan lekòl la.

FACE | 379 Washington Street, Providence, RI 02903




ESPAS PRE-MATÈNÈL ELÈV VEAZIE STREET PRE-K YO

Elèv Veazie Pre-K yo ap travay anpil nan sant enterè yo a. Y ap travay sou jwèt imajinè. Atravè jwèn imajinè, elèv yo aprann konpetans panse kritik, fason pou swiv direksyon yo, pou konstwi langaj ekspresif ak reseptif, ogmante konpetans sosyal, ak fason pou jere emosyon yo. Imajine sa y ap travay sou yo nan “kizin” yo.



ELÈV YOUNG WOODS PRE-K YO

Elèv Pre-K yo ap travay anpil avèk zanmi yo nan sant enterè yo a! Y ap investi nan monn ki antoure yo a, y ap travay sou toudewòl avèk zanmi yo, epi devlope konpetans motris fin ak motris brit yo. Pwofesè Pre-K ak mennen elèv yo nan lamach nan anviwònman eksteryè yo pou aprann sou chanjman k ap fèt ozalantou yo! Mande elèv Pre-K ou an sa l ap fè pou li ka pratike langaj oral, yo gen anpil bagay pou di!



SE BON NOUVÈL: PPSD NAN LAPRÈS

- [Lekòl PVD yo pral òganize Rankont sou Rekonsepsyon](#)
ABC6 YouTube, 17 Oktòb 2023
- [Evènman WaterFire yo limen lannwit la pou onore edikasyon ak sansibilizasyon pou kansè nan tete](#)
WJAR, 1 Oktòb 2023